# 2020 - jıl 1 - fevral jağdayına yuridikalıq shaxs bolğan kárxanalar hám shólkemler demografiyası boyınsha analizlew mağlıwmat

*Ádillik ministrligi janındağı Mámleketlik xızmetleri agentligi mağlıwmatlar bazası tiykarında*

Mámleketimizde qolay isbilermenlik ortalığın jaratıw hám isbilermenlikti jedel rawajlandırıw boyınsha qatar unemlı ózgerisler ámelge asırılıp atır. Óz ornında, isbilermenlik sub'ektlerin mámleketlik diziminen ótkeriw hám esapqa alıw boyınsha da nızamshılıqta zárúrli qararlar qabıl etilip, mámleketlik diziminen ótkeriw hám esapqa alıw avtomatlastırılğan sisteması basqıshpa-basqısh islep shığılıp, ámeliyatğa nátiyjeni ámelde qollanıw engizilmekte. Bul xalıq hámde shet el qarjı investrları óz jeke biznesin jolğa qoyıw hám rawajlandırıw ushın zárúrli faktor bolıp xızmet etip atır.



## Dizimnen ótken kárxana hám shólkemlerdiń jıllar kesiminde sanı, birlikte

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)*

2020 - jıldıń 1 - fevral jaǵdayına dizimnen ótken kárxanalar hám shólkemler sanı 1 9137 ke jetip, ótken jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda 17,2 % ke ósken.



## Ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha dizimnen ótken kárxanalar hám shólkemler

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)*

| | Ulıwma sanı, birlik | | 01.02.2020 jıl | |
|---|---|---|---|---|
| | 01.02.2019 jıl | 01.02.2020 jıl | Ótken jılǵa salıstırǵanda ósimi, % | Jámine salıstırǵanda, % |
| **Jámi** | **16 328** | **19 137** | **117,2** | **100,0** |
| *sonnan:* | | | | |
| Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında | 2 005 | 2 215 | 110,5 | 11,6 |
| Sanaatta | 1 905 | 2 405 | 126,2 | 12,6 |
| Qurılısta | 1 819 | 2 226 | 122,4 | 11,6 |
| Sawda | 3 390 | 4 403 | 129,9 | 23,0 |
| Tasıw hám saqlaw | 780 | 867 | 111,2 | 4,5 |
| Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde | 948 | 1 189 | 125,4 | 6,2 |
| Málimleme hám baylanıs | 312 | 335 | 107,4 | 1,8 |
| Densawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetler kórsetiw | 301 | 372 | 123,6 | 1,9 |
| Basqa xızmet túrleri | 4 868 | 5 125 | 105,3 | 26,8 |

## Hárekettegi kárxana hám shólkemler

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)*

2020 - jıl 1-fevral jaǵdayına hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı 18 655 ti qurap, ótken jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda 2 758 ke (17,4 %) ósken.

### 2020 jil 1 fevral jaǵdayına hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń jillar kesimide sani, birlikte

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)*




Hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha,tiykarinan sawda (4 279 yamasa 22,9 %), sanaat (2 351 yamasa 12,6 %), qurılıs (2 190 yamasa 11,7 %), awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı (2 126 yamasa 11,4 %), jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler (1 155 yamasa 6,2 %) xızmet túrleri úlesine tuwrı keledi. Eń kemi bolsa málimleme hám baylanıs (321yamasa 1,7 %), den sawlıqtı saqlaw jáne socialliq xızmetler (367 yamasa 2,0 %), hámde tasıw hám saqlaw (846 yamasa 4,5 %) úlesine tuwrı keledi.

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*




## Klassifikator boyınsha hárekettegi kommercialıq kárxanalardıń ulıwma sanı, birlikte.

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*

2020 - jıl 1-fevral jaǵdayına 14 997 kommercialiq kárxana hám shólkemler háreket kórsetip atırǵan bolıp, sonnan jeke kárxanalar – 3 127, shańaraq kárxanaları – 1 042, juwapkershiligi sheklengen jámiyetler – 10 538, unitar kárxanaları– 118, aksiyonerlik jámiyetler - 27 hám basqalar 145 quraǵan.

## Jańadan ashilǵan kárxanalar hám shólkemler

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)*

2020 - jıl fevral ayında 319 kárxana hám shólkemler jańadan ashilǵan bolıp, bul kórsetkish otken jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda 98 ge kemeygen.

## Klassifikator boyınsha hárekettegi kommercialıq kárxanalardıń ulıwma sanı, birlikte.

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)*



## Ekonomikalıq xizmet turleri boyınsha yanvar ayında jańadan ashılǵan kárxanalar hám shólkemlerdiń ulesi, %

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*




Jańadan ashılgan kárxana hám shólkemlerdi ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde kóretuǵın bolsaq tiykarǵı bólegi sawda, awıl, orman hám balıq xojalıǵında sanaat hámde qurılısta, en kemleri den sawlıqtı saqlaw hám cosiallıq xızmetler kórsetiw málimleme hám baylanıs xızmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

## Klassifikator boyınsha jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemlerdiń ekonomikalıq xizmet túrleri kesiminde sanı, birlikte

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*




## Hárekettegi awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı tarawındaǵı kárxanalar hám shólkemlerdiń jámine, úlesi



## Hárekettegi sanaat kárxanaları hám shólkemlerdiń sanı boyınsha maǵlumatlar, birlikte




## Qurılıs tarawı boyınsha hárekettegi kárxanalar hám shólkemler haqqında maǵlıwmatlar, birlikte



## Sawda boyınsha hárekettegi kárxanalar hám shólkemler haqqındağı mağlıwmatlar, birlikte

*(2020 - jıl 1-fevral jağdayına)*




## Jasaw hám awqatlanıw bóyınsha xizmetler tarawındağı hárekettegi kárxanalar hám shólkemler haqqında mağlıwmatlar, birlikte

*(2020-jıl 1-fevral jağdayına)*



# Den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetler kórsetiw boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, birlikte

*(2020 - jıl 1 - fevral jaǵdayına)*



## Málimleme hám baylanıs tarawindağı hárekettegi kárxana hám shólkemler haqqında mağlıwmat

*(2020 - jıl 1 - fevral jağdayına)*



## Klassifikator boyınsha dizimnen ótken kommercialıq kárxanalardıń ulıwma sanı, birlikte.

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)*
*(2020 - jil 1 - fevral jaǵdayina)*




## Klassifikator boyınsha hárekettegi kommercialıq kárxanalardıń ulıwma sanı, birlikte.

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*
*(2020 - jıl 1 - fevral jaǵdayına)*



## Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha mag`lıwmatlar

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*

Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde hárekettegi jámi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń 4 263 (28,6 %) - sawda, 2 323 (15,6 %) - sanaat, 2 180 (14,6 %) - qurılıs, 2 072 (13,9 %) - awıl, orman hám balıq xojalıǵı, 267 (1,8 %) – málimleme hám baylanıs tarawı, 283 (1,9 %) - den sawlıqtı saqlaw jáne sociallıq xızmetler kórsetiw, 841 (5,6 %)- tasıw hám saqlaw tarawları úleslerine tuwrı keledi.

## Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha úlesi, %

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*



## 2019 - jıldıń yanvar ayında jańadan ashılǵan kishi kárxana hám mikrofirmalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanı, birlikte

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*




Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde bolsa eń kóp sawdada (103), awıl, orman hám balıq xojalıǵında (51), qurılısda (48) hám sanaatda (43), ti quraǵan. Eń kem den sawlıqtı saqlaw jáne sociallıq xızmet kórsetiwde (5),málimleme hám baylanısda (7) hámde tasıw hám saqlawda (15) ti quradı.

## Shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar

2020 - jıl 1-fevral jaǵdayına hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sani 160 tı quradı.Ótken jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda 36 yamasa 29,1 % ke ósken.

### Shet el kapital qatnasındaǵı hárekettegi kárxanalar sanı, birlikte




### Shet el kapital qatnasındaǵı hárekettegi kárxanalar quramında qospa kárxanalar hám shet el kárxanalar sanı, birlikte

*(2020-jıl 1-fevral jaǵdayına)*



## Hárekettegi shet el kapital qatnasındağı kárxana hám shólkemlerdin mamleketler kesimindegi sanı, birlikte




## Ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha hárekettegi shet el kapital qatnasındağı kárxanalar úlesi, %



2019 - jıl yanvar ayında shet el kapital qatnasındaǵı jańadan ashılǵan kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha tiykarınan 80,0 % yamasa 4 sanaat, 20,0 % yamasa 1 awıl, orman hám balıq xojalıǵı úleslerine tuwrı keledi.

## 2020 - jıldıń yanvar aylarında jańadan ashilǵan shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń mámleketler kesimindegi sanı, birlikte




Kitay Xalıq Respublikası rezidentleri kapitalı qatnasında - 3, Kazaxstan Respublikası hámde Rossiya Federatsiyasi-1 den kárxanalar jańadan dizimden ótken.

## 2020 - jıldıń yanvar ayında jańadan ashilǵan shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha sanı, birlikte



## Hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń aymaqlar kesiminde sani,birlikte

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)*
*(2020 - jıl 1 - fevral jaǵdayına)*




Aymaqlar kesiminde qaralǵanda, hárekettegi kárxana hám shólkemlerdın sanı eń kóbi Nókis qalası (5 747 ), Tórtkul (1 888), Beruniy (1 573), Amudarya (1 334) hám Ellikqala (1 185) rayonları úlesine tuwrı keledi. Kerisinshe, Shomanay (471), Móynoq (434) hámde Taxtakópir (331) rayonlarında karxanalar sanınıń kemligin guzetiw mumkin.

## 2020 jıldın yanvar ayında jańadan ashılǵan kárxanalar hám shólkemlerdiń aymaqlar kesiminde sanı, birlikte

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*




2020 - jıldın yanvar ayında jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemlerdiń tiykarǵı bólegi Nókis qalası (85), Tórtkul (33), Beruniy(29), Nokis (26), Ellikqala (23), Xojeli (20), Qónirat (15), Amudarya hám Moynaq (13) rayonlar úlesine tuwrı keledi. Kerisinshe, Qaraózek (4) hámde Taxtakopir (1 ) rayonlarında kárxana hám shólkemler kórsetkishi tómen dárejede.

## Kishi kárxana hám mikrofirmalar

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*

2020 - jıl 1-fevral jaǵdayına hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardın sanı 14 922 ni quraydı. Bul kórsetkish 2019 - jıl 1- fevral jaǵdayına salıstırǵanda 21,4 % ke ósken.

## Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń aymaqlar kesimindegi sanı, birlikte

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*
*(2020 - jıl 1 - fevral jaǵdayına)*

| | kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı | Sonnan: | |
|---|---|---|---|
| | | kishi kárxana | Mikrofirmalar |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **14 922** | **893** | **14 029** |
| Ámudarya | 1 028 | 48 | 980 |
| Beruniy | 1 278 | 57 | 1 221 |
| Bozataw | 55 | 5 | 50 |
| Qaraózek | 432 | 25 | 407 |
| Kegeyli | 381 | 17 | 364 |
| Qońırat | 768 | 53 | 715 |
| Qanlıkól | 356 | 19 | 337 |
| Moynaq | 341 | 16 | 325 |
| Nókis | 698 | 26 | 672 |
| Taqıyatas | 424 | 31 | 393 |
| Taxtakópir | 215 | 18 | 197 |
| Tórtkúl | 1 627 | 94 | 1 533 |
| Xojeli | 695 | 54 | 641 |
| Shımbay | 495 | 28 | 467 |
| Shomanay | 344 | 9 | 335 |
| Ellikqala | 928 | 43 | 885 |
| Nókis q. | 4 857 | 350 | 4 507 |

## Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń aymaqlar kesimindegi sanı, birlikte

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*
*(2020 - jıl 1 - fevral jaǵdayına)*




Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń tiykarǵı bólegi, yaǵnıy 4 857 (32,5 %) Nókis qalası, 1 627 (10,9 %) Tórtkul, 1 278 (8,6 %) Beruniy hámde 1 028 (6,9 %) Amudarya rayonları úlesine tuwrı keledi.

## 2019 - jıldıń yanvar-dekabr aylarında jańadan ashılǵan kishi kárxana hám mikrofirmalardıń aymaqlar kesiminde sanı, birlikte

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*




2020 jıl yanvar ayında 306 kishi kárxana hám mikrofirmalar jańadan ashılǵan. Eń kóp jańadan ashılǵan kishi kárxana hám mikrofirmalar Nókis qalası (84), Tórtkul (33), Beruniy(29), Nókis(22), Ellikqala (21), Xojeli (20) rayonları úlesine tuwrı keledi.Eń kem Taxtakópir (1), Qanlikól hámde Qaraózek (4 den) rayonlarında guzetildi.

## Shańaraq kárxanalar sanı, birlikte




## 2020 - jıldıń yanvar ayında jańadan ashılǵan shańaraq kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha úlesi,%



## Shańaraq kárxanalar

Yuridikalıq shaxs sıpatında mámleketlik diziminen ótken shańaraq kárxanalar sanı 2020 - jıldıń 1-fevral jaǵdayına 1 079 bolıp, olardan 1 042 yamasa 3,6 % ti quradı. Bul kórsetkish ótken jılǵa salıstırǵanda mámleketlik diziminen ótkenlerdiń hámde xızmet kórsetip atırǵanlardıń ulıwma sanı ortasha 54,5 % ke asqanlıǵın kóriwimiz mumkin.

### Shańaraq kárxanalardıń sanı tuwrısında maǵlıwmat, birlikte

| | 01.02.2020 j. | | 2020 jıl yanvar |
|---|---|---|---|
| | Dizimnen ótken kárxanalar | Harekettegi kárxanalar | Jańadan ashılǵan kárxanalar |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1 079** | **1 042** | **34** |
| Ámudarya | 238 | 228 | 4 |
| Beruniy | 72 | 70 | 3 |
| Qaraózek | 6 | 6 | |
| Kegeyli | 14 | 13 | |
| Qońırat | 47 | 46 | 1 |
| Qanlıkól | 43 | 42 | 1 |
| Moynaq | 11 | 10 | |
| Nókis | 46 | 44 | 4 |
| Taqıyatas | 51 | 46 | 1 |
| Taxtakópir | 22 | 22 | |
| Tórtkúl | 143 | 138 | 3 |
| Xojeli | 71 | 66 | 3 |
| Shımbay | 12 | 12 | 1 |
| Shomanay | 9 | 9 | |
| Ellikqala | 92 | 90 | 5 |
| Nókis q. | 202 | 200 | 8 |

## Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń rayonlar kesimindegi sanı, birlikte




2020 - jıl yanvar ayında 34 shańaraq kárxanalar jańadan ashılǵan. Ótken jılǵa salıstırǵanda 1,8 esege kóp.

## 2020 - jıldıń yanvar ayında jańadan ashilǵan shańaraq kárxanalar sanı, birlikte



## Hárekettegi shet el kapital qatnasındağı kárxana hám shólkemler sanı, birlikte

*(2020 - jıl 1 - fevral jağdayına)*

| | Jámi | sonnan: | |
|---|---|---|---|
| | | Qospa kárxana | Shet el qatnasındağı kárxana |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **160** | **92** | **68** |
| Ámudarya | 6 | 2 | 4 |
| Beruniy | 11 | 4 | 7 |
| Bozataw | 1 | | 1 |
| Qaraózek | 11 | 8 | 3 |
| Kegeyli | 8 | 6 | 2 |
| Qońırat | 7 | 5 | 2 |
| Qanlıkól | 6 | 3 | 3 |
| Moynaq | 25 | 20 | 5 |
| Nókis | 10 | 8 | 2 |
| Taqıyatas | 10 | 3 | 7 |
| Taxtakópir | 6 | 4 | 2 |
| Tórtkúl | 4 | 3 | 1 |
| Xojeli | 4 | 1 | 3 |
| Shımbay | 5 | 3 | 2 |
| Shomanay | 6 | 2 | 4 |
| Ellikqala | 5 | 3 | 2 |
| Nókis q. | 35 | 17 | 18 |

Statistikalıq registrın júrgiziw bólimi
Tel.:71-230-82-23 (24)